

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kiwari geus réa pangaruh globalisasi nu matak ngarobah kahirupan jalma dina kagiatan sapopoé. Pangaruh globalisasi anu asup ti ditu ti dieu ngabalukarkeun robahna kahirupan nepi ka leungitna sawatara kagiatan jalma di Tatar Sunda, hususna kagiatan kaulinan barudak.

Kaulinan barudak minangka hasil budaya anu boga rupa-rupa ajén-inajén, di antarana waé, édukatif, terapis, récréatif, normatif, jeung kréatif. Lian ti éta, kaulinan barudak ogé minangka titinggal karuhun salaku warisan turun-tumurun. Kiwari kaulinan barudak geus kurang dipikaresep atawa geus langka diulinkeun ku barudak, kaasup kaulinan barudak anu aya di Tatar Sunda. Kaulinan barudak geus kaganti ku hal nu leuwih modern contona waé ku *gadget*. Saluyu jeung kamandang Fatimah & Astuti (2020), kiwari kaulinan tradisional geus mimiti ditinggalkeun, lantaran geus henteu dipikaresep ku barudak. Anapon nurutkeun Kosasih (2009) dina waktu kosong anu sakuduna dipaké ku barudak téh pikeun ulin sarta sosialisasi jeung batur sasamana, tapi dipaké ulin *playstation*, *game-watch* atawa cicing hareupeun TV. Ku kituna, teu anéh lamun barudak jaman ayeuna geus teu maliré kana kaulinan barudak.

Nurutkeun Dirgantara dina Fatimah & Astuti (2020) rupaning pungsi jeung mangpaat tina kaulinan barudak bisa digunakeun salaku média édukatif dina ngalarapkeun ajén-inajén moral, surti kana kaayaan sakurilingna, transformasi pangaweruh, ngalarapkeun sikep nu hadé jeung ngamumulé kaulinanana sorangan jeung basa nu hirup di jerona.

Jaba ti ngandung ajén-inajén, dina kaulinan barudak nyangkaruk istilah-istilah nu hirup di jerona. Kaulinan barudak hususna di Tatar Sunda kawilang loba tur rinéka, contona waé *ngadu kaléci*, *maén langlayangan*, *sondah*, jeung *ngadu muncang*. Rinékana unggal kaulinan barudak boga istilah-istilahna sorangan. Saluyu jeung pamadegan (Fatimah & Astuti, 2020) anu nétélakeun yén dina kaulinan nyangkaruk istilah-istilah. Saupama kaulinan barudak éta geus tara

diulinkeun antukna lain ngan saukur kaulinanana nu bakal leungit tapi istilah-istilah nu hirup di jerona ogé tangtu bakal milu leungit.

Dumasar kana hal éta, aya sababaraha alesan ieu panalungtikan dilaksanakeun. Kahiji, hirupna kaulinan barudak. Kadua, dina kaulinan barudak aya rupa-rupa istilah. Katilu, dina rupa-rupa istilah kaulinan téh boga hartina séwang-séwangan.

Istilah aya dina wengkuhan basa, utamana dina ulikan kandaga kecap ogé nyosok jero aya dina léksikosémantik. Kandaga kecap anu bisa disebut ogé léksikon, robah jeung mekar luyu jeung kamekaran jaman. Ku kituna, kandaga kecap kaasup kana istilah, aya nu sumebar ogé aktif dipaké di masarakat, aya nu teu pati aktif (Sudaryat, 2021, kc. 119).

Léksikon nu aya dina kahirupan masarakat, aya nu mangrupa kandaga kecap umum (popular) jeung kandaga kecap husus (istilah). Anu dipaké dina rupa-rupa paélmuan husus atawa istilah nyaéta kecap anu dipaké dina hiji widang paélmuan atawa lingkungan nu tangtu (Sudaryat, 2021, kc. 119). Salasahijina istilah nu aya dina kaulinan barudak.

Kiwaré léksikon anu patali jeung kaulinan geus méh punah. Ku kituna, perlu diinvéntarisasi, dikumpulkeun, jeung dianalisis. Hal saperti kitu téh, kapanggih aya dina kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut. Kacamatan Balubur Limbangan hususna di Désa Limbangan Timur dipilih sabab jadi puseur pamaréntahan jeung kiwaré ieu kaulinan téh geus tara diulinkeun deui antukna istilah-istilah kaulinanana sorangan leungit tur geus henteu dipikawanoh deui ku masarakatna, najan dina sababaraha taun ka tukang di Kabupaten Garut kaulinan barudak téh dilombakeun.

Panalungtikan anu husus medar istilah dina kaulinan barudak maké pamarekan léksikosémantik can kungsi aya, najan aya sababaraha panalungtikan saacanna anu nyabit-nyabit kaulinan barudak, di antarana waé, “Strukturalisme dina Kaulinan Tradisional di Desa Pagerwangi Kecamatan Lembang Kabupaten Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP Kelas VII” (Astri Handayani, 2014). “Kaulinan Barudak di Kacamatan Conggéang Kabupaten Sumedang: Ulikan Struktural jeung Étnopédagogik” (Muhamad Yogi Hamdani, 2015). “Kaulinan Barudak di Désa Tanjungwangi Kacamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung: Ulikan Struktur jeung Sémiotik” (Aas Srimulyani, 2015). “Pangaweruh Masarakat

kana Jenis jeung Ajén Moral dina Kaulinan Barudak di Désa Kebonkalapa Kecamatan Cisarua Kabupaten Sumedang Pikeun Bahan Pangajaran Kaulinan Barudak SMP Kelas VII” (Reza Wilyan, 2017). “Kamampuh Budak TK kana Ngawasa Kandaga Kecap dina Kaulinan Barudak di TK Hajah Multazam Kacamatan Antapani Kota Bandung” (Mira Yuthika Dewi, 2017).

Panalungtikan ku Handayani (2014) medar strukturalisme dina kaulinan barudak di Kabupaten Bandung Barat sarta dijieun bahan ajar maca di SMP kelas VII. Panalungtikan ku Hamdani (2015) medar perkara kaulinan barudak anu disarungrum maké struktural jeung étnopédagogik. Salian ti éta, panalungtikan anu dilaksanakeun ku Srimulyani (2015) medar perkara kaulinan barudak anu disarungsum maké ulikan struktur jeung sémiotik atawa élmu ngeunaan tanda. Anapaon panalungtikan anu dilaksanakeun ku Wilyan (2017) medar perkara pangaweruh masarakat jeung ajén moral dina kaulinan barudak anu hasilna dijieun bahan pangajaran di SMP kelas VII. Pamungkas, panalungtikan anu dilaksanakeun ku Dewi (2017) medar perkara kamampuh budak TK dina ngawasa kandaga kecap kaulinan barudak.

Panalungtikan nu geus jeung rék dilaksanakeun sarua ngulik kandaga kecap dina kaulinan barudak. Najan kitu, aya bédana nyaéta lebah puseur ulikan. Ieu panalungtikan museur kana istilah-istilah nu kapanggih dina kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut, sarta disaliksik maké dua widang paélmuan nyaéta léksikon jeung sémantik. Ieu panalungtikan ogé bakal dianalisis wanda kaulinan barudak, istilah kaulinan, komponén istilah, wangun, harti, jeung larapna éta istilah téh dina prak-prakan ngulinkeun kaulinan barudak. Sarta diguliksek maké harti léksikal minangka harti tina léksem atawa unsur-unsur léksikon minangka lambang barang, hal, objék jst. Salian ti éta, objék nu bakal jadi bahan analisisna nyaéta istilah-istilah dina kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut.

Dumasar kana masalah di luhur, bisa disebutkeun yén panalungtikan ngeunaan istilah dina kaulinan barudak anu sacara husus can kungsi aya. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Istilah dina Kaulinan Barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Garut: Ulikan Léksikosémantik”, masih perlu ogé penting dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar tina idéntifikasi masalah di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha déskripsi wanda kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut?
- 2) Naon waé istilah nu kapanggih dina kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut?
- 3) Kumaha komponén istilah dina kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut?
- 4) Kumaha wangu istilah dina kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut?
- 5) Kumaha harti istilah dina kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut?
- 6) Kumaha larapna istilah dina kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah nu dipedar di luhur, ieu panalungtikan boga tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun wanda kaulinan barudak jeung istilah-istilah dina kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun genep hal, nyaéta:

- 1) Déskripsi wanda kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut;
- 2) Istilah-istilah dina kaulinan barudak anu kapanggih di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut;

- 3) Komponén istilah dina kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut;
- 4) Wangun istilah dina kaulinan barudak anu kapanggih di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut;
- 5) Harti istilah dina kaulinan barudak anu kapanggih di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut; jeung
- 6) Larapna istilah dina kaulinan barudak di Kacamatan Balubur Limbangan Kabupaten Garut.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep tina ieu panalungtikan di antarana boga mangpaat nu sipatna téoritis jeung nu sipatna praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban tur ngajembaran pangaweruh léksikosémantik, jeung léksikologi, hususna dina istilah kaulinan barudak.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep boga mangpaat pikeun sawatara pihak, di antarana panalungtik, nu maca, pangatik, jeung pamilon atikan.

1. Pikeun panalungtik

Ieu panalungtikan téh miharep boga mangpaat pikeun nambahana pangaweruh dina paélmuan léksiko-sémantik, hususna dina istilah kaulinan barudak. Lian ti éta, minangka pangalaman dina nalungtik widang kabasaan.

2. Pikeun anu maca

Ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun nambahana tur ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan wanda kaulinan barudak, istilah-istilah dina kaulinan barudak, sarta harti atawa ma’na nu aya dina kaulinan barudak tur larapna éta istilah téh dina kaulinan barudak. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa jadi bahan référénsi panalungtikan widang kabasaan hususna dina léksikosémantik anu satuluyna bisa leuwih dimekarkeun deui.

3. Pikeun pangatik

Ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun bahan référensi nalika ngajar. Hususna dina pangajaran kaulinan barudak, anu henteu ngan saukur ngajarkeun prak-prakkan cara ulinna tapi mikanyaho istilah-istilah nu hirup dijerona.

4. Pikeun pamilon atikan

Ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun nambahana pangaweruh ngeunaan kabasaan, hususna dina pangajaran kaulinan barudak kana hal istilah-istilah nu aya dina kaulinan barudak.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi, dibagi jadi lima bab, nyaéta diwincik saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan tiori-tiori nu aya patalina jeung istilah dina kaulinan barudak, léksikon jeung sémantik, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Métode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun data, intrumén ngumpulkeun data jeung analisis olah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan data jeung hasil panalungtikan istilah dina kaulinan barudak.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngawengku kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, sarta rékoméndasi sangkan bisa méré mangpaat pikeun balaréa.